

TSVAGA CHISO CHANGU

Nzira ingabatsira munhu kuti anyengetere kweawa rimwechete (1hr)

1 Tsvaga chiso chake nokudaidza zita raShe (5 min)

Mwari ndiye anotigonesa kushingaira, Mukurudziri (VaRoma 15:5). Mwari venyasha nengoni, El-shaddai (Mwari vakatiringana) (Genesis 17:1), Yahweh-Jireh (Mwari mupi wazvose) (Genesis 22:14), Yahweh-Ropheka (Mwari vanoporesa) (Ex 15:26), Yahweh-shalom (Mwari vanopa rugare nekuzorodza) (Mapisarema 35:27), Mwari wenyika yose (Mica 4:13), Jesu Kristu Nzira, Chokwadi neUpenyu (Joh 14:6), Kristu simba ne uchenjeri hwaMwari (1 Vakor 1:24), Gwayana rigere pakati pechigaro chomambo (Zvakazarurwa 7:17) Gwayana rakabayiwa (Zvakazarurwa 5:12) Kristu tariro yokubwinya (Vakorose 1:26), Mweya woruSununguko, Uchenjeri neSimba, Ruzivo nekutya Ishe. (Isa 11:2), Nyasha nekukumbirira, Utsvene, Rudo, Chokwadi, Simba, Kuzvidzora, Uchenjeri neKuzarurirwa kokuMuziva, Mweya wokuBwinya.

2 Tsvaga chiso chake uchinyengeterera kumutsidzirwa kwako (5 min)

Wongorora mibvunzo iyi uri mumweya wokunyengerera:

- Muupenyu hwangu pane chivi chisina kureururwa here?
- Ndine kusaregerera neukasha muupenyu hwangu here?
- Pane zvisakarurama here mumaramiro memaitiro angu?
- Ndinoteerera Mweya Mutsvene nekukasika nguva dzose here?
- Ndinopupura Jesu ndisinganyare here?

3 Tsvaga chiso chake nekuda kwevenhuri, shamwari nevamwe (5 min)

1 _____ 2 _____

3 _____ 4 _____

5 _____

Nyengeterera ruponeso rwavo, kuti Mwari avaropafadze (pamweya, mumagariro, nemunezvavanonzwa) uye zvavanoshaiwa.

4 Tsvaga Chiso Chake kuti kubwinya kwake kuwonekwe musangano (5 min)

1) _____

2) _____

3) _____

4) _____

5) _____

uyezve tsvaka Chiso Chake nekuda kwesangano

1. Kuti masangano adzorerwe pachitsvimbo chawo chekuva dzimba dzokunyengerera nyika dzose (Mateo 21:13)
2. Kuti masangano azadzise Basa Guru – kutora vhangeri kunyika dzose (Mateo 28:18-20)
3. Kuti masangano azadzise Mutemo Mukuru – kusvikira vanhu nerudo nekunzwira, uye vakwanise kusangana nezvitsvako zvevanhu. (Mat 22:37-40)
4. Kereke itendeke kushoko raMwari
5. Kudzorerwa kweukama mumasangano: kupokana, kuzvida, godo zvipere etc

5 Tsvaga Chiso Chake nokuda kwezvaunoshuva muupenyu hwako (5 min)

- 1 _____
- 2 _____
- 3 _____
- 4 _____
- 5 _____

6 Tsvaga Chiso Chake Kupfuurikidza nekurinda nekuteerera (5 min)

Kumbira Ishe vakuzarurire zvinhu zvitsva, zvinhu zvavanoda kuti uwone nekuita . Kumbira Mwari vakuzarurire kuda kwavo nemazano avo. Bvunza Mwari zvinhu zviri pamoyo wavo zvavanoda kuti unyengeterere.Nyora pasi zvaunonzwa kuti Mwari varikutaura.

7 Tsvaga Chiso Chake nekunyengerera shoko (5 Min)

Nyengetera uchishandira bhuku reMapisarema. Verenga unyengetere mapisarema maviri kana matatu panguva yekunyengerera.

8 Tsvaga Chiso chake kuti Mwari vapindire pane zvinotevera zvinonetsa munyika (5 min)

1. Chirwere che HIV/AIDS, kusazvibata panyaya dzepabonde, chipfambi.
2. Uwandu hwevanhu vanotambudzika hunoramba huchikura, kusabatwa zvakanaka kwevanhu, uye maitiro anopinza vamwe munjodzi.
3. Huwori muzvisvikamu zvose zvemagariro edu nokushaikwa kwohumwari.
4. Kushungurudzwa nokuda kwaKristu munyika dzakawanda.
5. Hondo, kudewuka kweropa, kusagarisana kwemarudzi uye vapoteri.
6. Kushungurudzwa nekushandiswa pasina kwemadzimai nevana uye kubviswa kwedzinumbu.

7. Rusarura ganda nekuvengana kwamarudzi.
8. Uroyi nekunamata zvifananidzo.

9 Tsvaga Chiso Chake nekuda kwamarudzi ose (5 min)

- 1 _____ 2 _____
 3 _____ 4 _____
 5 _____

1. Kuti Mweya Mutsvene adururwe kukereke
2. Kuti kuve nekumutsidzirwa kwekubuda neshoko mumakereke, kusvikira vasati vasvikirwa neshoko
3. Kumutswe vatungamiri vanotywa Mwari uye vakura munaShe
4. Uwandu hwevadzidzi vaShe huwande
5. Kuuya kwerugare nekubwinya kwaMwari munyika dzose, kuti nyika nemarudzi dziropafadzwe uye dziporeswe.
6. Kuti vatongi nehurumende vazvinipise kuUshe hwaJesu saMambo waMadzimambo

10 Tsvaga Chiso Chake nokuda kwevatungamiri nevafundisi (5 min)

1. Kuti kuve nevarume nevakadzi vanogona, vanotywa Mwari, vanomira muchokwadi uye vasina ruchiva (Ex18:21)
2. Varume nevakadzi vachasimudza maoko matsvene pasina hashu kana kukahadzika nekusatenda.(1Tim 2:8)
3. Kuve nevafudzi nevatungamiri varipamoyo waMwari, vachafudza nekupa vanhu njere nekunzwisa. (Jer 3:15)
4. Kuve nevaPostori, vaProfita, vaVhangeri, Vadzidzisi nevaFundzi vakazara neMweya Mutsvene nekunzwira kwaIshe Jesu, uti vadzidzise vatendi basa roushumiri kuti muviri waKristu uvakwe uye Kristu avakwe matiri.
5. Varume nevakadzi vanoshingaira kuzvipa semidziyo kunaMwari, vachimirira chokwade,vasingatyi kumirisana nezvakaoma, midziyo inokudzwa, yakasanagurirwa basa raIshe, yakagadzirirwa mabasa akanaka, vanotiza kukakavara kusina maturo nekunyongana, vasingatangi nyonganiso, vaneunoro, moyo murefu nekuzvinipisa. Varume nevakadzi vakatendeka vanogona kudzidzisa vamwe. (2 Tim 2:1-22)

Uyezve/kana kuti Tsvaga Chiso Chamwari nokuda kwevechidiki

1. Kuti vechidiki vanhasi vasvikire vamwe vechidiki nevhangeri
2. Kuti vechidiki vave nehudyidzani hutsva huri pedyo pedyo naMwari uye kuteerera Mwari
3. Vechidiki vamirire utsvene uye vazvipire kuva vadzidzi

4. Vechidiki vanoshandira Mwari nemoyo wose
5. Moyo inonzwira, vagogona kusvikira kunyange nevarommo neshoko raMwari

11 Tsvaga Chiso Chake kuti pave nekudzorerwa kwehukama/udyidzani pakati paMwari nevanhu (5 min)

1. Kutu ndudzi dzitenduke pachivi chekudzvanyirira, kushungurudza nekurdzisa vagari vadzo uye dzimwe nyika.
2. Kutu pave nekubatana muzvikamu zvose zvokugara kwevanhu (mudzimhuri, kudzvanyirirwa kwemadzimai nevana, pakati pemasangano akasiyana, pakati pendunzi dzakasiyana, pakati penyika dzakasiyana)
3. Kutu pave nekuputswa kwemasimba nehurongwa hwezvematongerwe enyika hunoparadza upenyu hwavanhu.
4. Kutu vanhu, mhuri nendudzi dziregerere avo vakavarwadzisa nekuvakanisira.
5. Pave nekugadzirisana nekuropafadzana.

Uyezve/kanakuti Tsvaga Chiso ChaMwari kuti vanhu vadzikinurwe kubvua kumweya youroyi nekunamata zvifanannidzo

1. Kutu vanhu vatendeuke kubva pauroyi nekunamata zvifanannidzo.
2. Kutu vanhu vapupure kuti Jesu Christu ega ndiye Ishe- Nzira, Chokwadi, neUpenyu. (1VaKorinte 12:3, VaRoma 10:12, Joh 14:6)
3. Kutu vanhu vapupure kuti ropa nekuzvipa rechibayiro kwaJesu pamuchinjikwa zvakarungana kuti zvitidzorere kunaMwari. (Heb 10:19, Eph 2:1)
4. Kutu vanhu vapupure kuti Jesu ndiye ega nzira nemurevereri akakwana pakati pamwari nevanhu. (1 Tim 2:5)
5. Kutu vanhu vapupure kuti Mwari kuburikidza nemweya Mutsvene vachazarurira vanhu kuti vawone vamwari venhema. (2 VaKorinte 6:14-18)

12 Tsvaga Chiso Chake kupfuurikidza nokurumbidza nokumushumira (5 min)

Pedzisa nguva yako yokunyengerera nokurumbidza Mwari nokushumira (praise & worship). Tenda Mwari nokuda kokukunaka kwake wozvipazve nguva yokuropafadza vanhu vanouya mupfungwa dzako, muzita raIshe Jesu Christu.